


Kuuya kwaMweya Mutsvene



Akavafemera akati,
“Gamuchirai Mweya Mutsvene.”
Johani 20:22

Kuuya kwaMweya Mutsvene



Akavafemera akati,
“Gamuchirai Mweya Mutsvene.”
Johani 20:22

Mabasa Avapostori 2:1-8, 41

*Mweya Mutsvene Unouya nomusi wePentekosti
Zuva rePendekosti rakati rasvika, vakanga vakaungana
vose panzvimbo imwe chete.*

2 Pakarepo kutinhira sokwemhepo inovhuvhuta
nesimba kwakabva kudenga uye kukazadza imba yose
yavakanga vagere.

3 Vakaona zvakanga zvakaita sendimi dzomoto
dzakaparadzana uye dzikamhara pamusoro pomumwe
nomumwe wavo. 4 Vose vakazadzwa noMweya
Mutsvene uye vakatanga kutaura nedzimwe ndimi
sokupiwa kwavakaitwa noMweya.

5 Zvino muJerusarema maigara vaJudha vaitya Mwari
vaibva kundudzi dzose pasi pedenga.

6 Vakati vanzwa mutinhoiro uyu, vazhinji vakaungana
pamwe chete vachishamiswa, nokuti mumwe nomumwe
akavanzwa vachitaura norurumi rwake chairwo.

7 Vakashamiswa kwazvo, vakabvunzana vachiti, "Ko,
vanhu ava vose havasi vaGarirea here vari kutaura?

8 Zvino seiko mumwe nomumwe wedu achivanzwa
nomutauro waakaberekwa nawo?

41 Avo vakagamuchira shoko rake vakabhabhatidza,
uye pazuva iro, vanhu vanenge zviuru zvitatu
vakawedzerwa pauwandu hwavo.

Mabasa Avapostori 2:1-8, 41

*Mweya Mutsvene Unouya nomusi wePentekosti
Zuva rePendekosti rakati rasvika, vakanga vakaungana
vose panzvimbo imwe chete.*

2 Pakarepo kutinhira sokwemhepo inovhuvhuta
nesimba kwakabva kudenga uye kukazadza imba yose
yavakanga vagere.

3 Vakaona zvakanga zvakaita sendimi dzomoto
dzakaparadzana uye dzikamhara pamusoro pomumwe
nomumwe wavo. 4 Vose vakazadzwa noMweya
Mutsvene uye vakatanga kutaura nedzimwe ndimi
sokupiwa kwavakaitwa noMweya.

5 Zvino muJerusarema maigara vaJudha vaitya Mwari
vaibva kundudzi dzose pasi pedenga.

6 Vakati vanzwa mutinhoiro uyu, vazhinji vakaungana
pamwe chete vachishamiswa, nokuti mumwe nomumwe
akavanzwa vachitaura norurumi rwake chairwo.

7 Vakashamiswa kwazvo, vakabvunzana vachiti, "Ko,
vanhu ava vose havasi vaGarirea here vari kutaura?

8 Zvino seiko mumwe nomumwe wedu achivanzwa
nomutauro waakaberekwa nawo?

41 Avo vakagamuchira shoko rake vakabhabhatidza,
uye pazuva iro, vanhu vanenge zviuru zvitatu
vakawedzerwa pauwandu hwavo.